

Asistans Finansye

Trinity Health angaje l pou bay swen, tretman ak sèvis pou tout moun ki vin jwenn nou baze sou nesesite medikal.

Règleman Asistans Finansye

- Èd finansye bay baze sou revni w. Yo defini sa dapre [gid Nivo Povrete Federal](#).
- Si w ap touche 200% oswa mwens pase gid Nivo Povrete Federal la ou kapab benefisye yon rabè konplè. Sa valab pou sèvis ki nesesè medikalman.
- Si w ap touche ant 201% ak 400% Nivo Povrete Federal la ou ka jwenn yon pati nan rabè a,
- Trinity Health pap chaje pasyan kalifye yo plis pase tarif rabè Medicare la.
- Kopeman, koasirans ak dediktib ou yo ka jwenn rabè. Ou ka kalifye pou èd si w touche mwens pase 400% Nivo Povrete Federal la.
- Si pri yo wo anpil, ou ka jwenn rabè. Sa rive lè depans medikal ou yo pou 12 mwa ki sot pase yo plis pase 20% revni fwaye a. Rabè a ka gen ladann kopeman ou yo tou. Li ka gen ladann tou koasirans ak dediktib yo.

Sèvis ki pa obligatwa tankou chiriji kosmetik pa kalifye pou asistans finansye.

Pou aplike pou asistans finansye, ranpli epi soumèt aplikasyon an. Règleman ak Aplikasyon pou Asistans Finansye Trinity Health yo disponib sou paj entènèt lopital la: trinityhealthma.org/financial-assistance. Ou ka mande tou yon kopi gratis règleman ak aplikasyon an lè w vizite, ekri oswa rele kote ou resevwa swen an oswa rele Trinity Health Enterprise Patient Financial Services, 20555 Victor Parkway, Livonia, MI 48152, gratis nan 800-494-5797.

Règleman Asistans Finansye Trinity Health la, Aplikasyon an ak Rezime nan Langaj Senp la tradui nan lòt lang epi w ap jwenn yo lè w kontakte lopital la oswa depatman Sèvis Finansye pou Pasyan (Patient Financial Services) ke yo di pi wo a.

Lis Founisè

W ap jwenn sou entènèt oswa sou demann yon lis Founisè kap bay swen ijans oswa ki nesesè medikalman nan lopital la, ki kouvri pa Règleman Asistans Finansye lopital la.

Plan Peman Akoutèm ak Alontèm

Si ou pa ka peye pati pa w la ou ka kalifye pou plan peman alontèm ou akoutèm. Plan peman akoutèm Trinity Health pa gen enterè, Pasyan yo dwe peye balans yo sou yon lane. Ou kapab jwenn yon plan ak enterè alontèm si ou pa kapab peye balans total la sou yon lane.

Sèvis Finansye Pasyan

Gen konseye finansye ki disponib pou ede w. Y ap ede w ranpli aplikasyon asistans finansye yo. Sa ap detèmine ki èd ki disponib. Sa gen ladann evalyasyon kalifikasyon pou Medicaid.

Ou ka kontakte yon konseye finansye kote ou resevwa swen yo. Konseye finansye a ka ede detèmine si w kalifye pou asistans finansye. Konseye finansye yo ka bay tou kopi gratis Règleman Asistans Finansye a, Aplikasyon an ak yon Rezime nan Langaj Senp.



Konsilte Gid Nivo Povrete Federal isit la

